

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan simbol-simbol dina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka geus ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nya éta:

- 1) Kasenian Sampyong mangrupa salasahiji kasenian has Kabupaten Majalengka. Dina prak-prakanana, mintonkeun para jawara ngadu jajatén bari jeung ngibing anu dipirig ku gamelan. Tujuan diayakeuna kasenian Sampyong nya éta nangtukeun jawara nu aya di unggal daerah. Kasenian Sampyong téh sumebarna di wilayah pakaléran di antarana, Cibodas, Jatitujuh, jeung Kertajati; jeung pakidulan di antarana Simpeureum, Cibodas, Sindangkasih jeung Kulur. Dina ieu kasenian, nya éta makéna ibingan penca silat jeung aya sababaraha waditra nu dipaké nya éta: 1) kendang, 2) goong, 3) taropét, 4) kecrék, jeung 5) ketuk.
- 2) Sajarah munculna kasenian Sampyong taun  $\pm$  1.960an. Sabenerna mah taya katerangan nu pasti taun medal jeung nu nyiptakeuna. Lantaran karuhun jaman baheula lain ti kalangan pendidik, jadi teu pati merhatikeun medalna ieu kasenian. Mung taun harita mangrupa puncak atawa waktu keur raraména

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

ngayakeun kasenian Sampyong. Nu jelas ieu kasenian aya bungkeuleukana anu masih dipaké jeung dimumulé sacara turun-tumurun.

- 3) Ayana Sampyong jaman bihari nya éta milih jawara ti unggal daerah atawa desa, nu tujuana pikeun ngusir para panjajah. Lantaran harita Indonesia negara jajahan Portugis, Walanda, jeung Jepang. Ku kituna kasenian Sampyong salasahiji *alternatif* pikeun méré perlawanan sangkan bisa ngusir para panjajah. Jaman kiwarinakeun pungsi jeung tujuan diayakeunna kasenian Sampyong geus robah. Ayeuna mah kasenian Sampyong téh sakur milih jawara nu dijadikeun kokolot atawa sesepuh nu pangsaktina di daerah séwang-séwangan. Najan kitu, can pernah aya hiji kadajian nu ngabalukarkeun pacéngkadan antar desa. Pungsi nu utamana nalika diayakeun ieu kasenian téh sakur ngaraketkeun tali duduluran antar daerah jeung mangrupa acara *Silaturrehmi* antar jawara.
- 4) Simbol-simbol nu kapaluruh dina kasenian Sampyong nya éta dumasar hasil wawancara ka sakumna warga Kabupaten Majalengka nu apal pisan ngeunaan kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupatén Majalengka, sarta miboga pangalaman ngeunaan éta kasenian. Tina hasil wawancara, geus kapaluruh aya 18 (dalapan belas) simbol. Éta simbol-simbol nya éta dibagi sababaraha hal 1) Wagun gerak Sampyong: wangun buleud, gerak suku. 2) Kalengkepan saméméh prungna acara: menyan bodas, béas, endog, roko, dawegan, kopi amis jeung kopi pait,

cai kembang tujuh rupa (eros, kananga, malati, gambir, kacapiring, jeug Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

pangantén beureum-bodas), jeung tumpeng. 3) Kalengkepan pakéan pamaén: iket malandang, teu maké sandal. 4) Alat-alat gamelan: kendang, goong, ketuk, taropét, jeung kecrék.

- 5) Simbol-simbol dina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka bisa jadi salasihiji *alternatif* bahan pangajaran basa Sunda, hususna matéri ngeunaan budaya, nya éta “Maca bahasan kasenian”. Ku lantaran matéri nu rada *kompleks*, Ku kituna nu saluyu pikeun meunangekun ieu pangajaran nya éta siswa SMA kelas XII. Dina pangajaran basa Sunda SMA kelas XII, aya pangajaran “Maca bahasan kasenian”. Matéri ngeunaan simbol-simbol dina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka bisa dilarapkeun dina pangajaran maca.

## 5.2 Saran

Sanggeus réngsé nalungtik kasenian Sampyong, karasa pisan mangpaat pikeun nyusun. Dipiharep ieu hasil panalugtikan bisa nambahan pangaweruh ka nu nalungtik hususna, jeung ka nu maca umumna, anu magrupa salasihiji kasenian daerah anu aya di tatar Sunda.

Dina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka, masih kénéh aya hal-hal nu bisa ditalungtik. Éta hal nu masih kénéh bisa ditalungtik salasihijina maluruh seni béla diri nu jadi dadasar

**Firman Herdiana Kusumah, 2012**

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

dina kasenian Sampyong. Salian ti éta, bisa ogé diayakeun panalungtikan dina cara-cara nabeuh waditra nu jadi pamirig dina ibingan Sampyong.



**Firman Herdiana Kusumah, 2012**

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigosong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu)